



Australian Government

COVID-19
✓ **VACCINATION**

Intambuko 6 zo kwemeza urukingo

17 Ruheshi 2022



Muri Australia, **Therapeutic Goods Administration (TGA)** ni yo yemeza inkingo zose imbere yuko zishobora kwemererwa gukoreshwa.



TGA nitsinda ryinzobere mubuvuzi bwigenga.

Ibi bivuze ko bafata ivyemezo bakoresheje amakuru yubumenyi basanzwe bafise.



TGA iraba neza yuko imiti yose dukoresha muri Australia:

- Ko idateza umutekano muke
- Ko ikora, ivura neza.



TGA igihe cose ikwirikiza intambuko 6 zidahinduka mu kwemeza urukingo muri Australia.

Intambuko ya 1 – Imbere y’ugusaba ukwemererwa yuko urukingo rwemezwa



Hariho amahinguriro menshi mw’isi akora inkingo.

Amahinguriro ategerezwa gusaba TGA ko yemeza urukingo rwayo.



Imbere yuko ihinguriro iryo ari ryose rirungika igisabo caryo muri TGA, iryo hinguriro ritegerezwa kubwira TGA:

- Ivyerekeranye n'urukingo bagomba ko rwemerwa



- Impamvu abantu bakeneye urukingo
- **Ukugerageza bagize** mu mavuriro.



Ukugerageza kwakorewe mw'ivuriro ni ubusahakashatsi bwakozwe kugira ngo bapime urukingo ko rukora neza canke ko rudafise amahinyu:

- Ko rutagira ingaruka mbi
- Ko rukora neza.



Iryo hinguriro vyongeye ritegerezwa kubwira TGA ukugene bazoraba neza ko muri kazoza bazoraba ko urukingo rwabo:

- Rudateza umutekano muke
- Ko rukora neza.

Iyo TGA ihisemwo igafata ingingo yuko iryo hinguriro ryakoze urwo rukingo riri mu nzira nziza, ni ho izobemerera gusaba.

Intambuko ya 2 – igisabo co kwemererwa ko urukingo rwemerwa



Ihinguriro ritegerezwa kurungika igisabo caryo muri TGA kugira ngo urukingo rwayo rwemerwe, ruhabwe uburenganzira bwo gukoreshwa.

Igihe basavye, ihinguriro ritegerezwa kubarira TGA ibi bikurikira:



- Ukugene ivyo bagerageje bashakashaka mu mavuriro vyerekanye yuko urwo rukingo ata ngorane rutera, ko ata mutekano muke rutera kandi ko rukora neza
- Ingene ibigize urwo rukingo ata ngorane bitera mu mubiri.



Iryo hinguriro vyongeye ritegerezwa kubarira

TGA:

- Ingene rizokora urwo rukingo
- Nimba hariho ingorane n'akaga ako ari ko kose ku bantu baronkejwe urwo rukingo.

Intambuko ya 3 – gusuzuma ico gisabo



TGA izosuzuma neza:

- Ko urwo rukingo ata ngorane ruzozana
- Izosuzuma neza inkuru zatanzwe n'iryo hinguriro.



TGA:

- Izokorana n'abandi bahinga kugira ngo barabe neza ko urwo rukingo ata ngorane ruzotera



- Mu gusuzuma akantu kose kagize urwo rukingo kugira ngo bamenye neza ko ata ngorane ruzotera.



Vyongeye TGA:

- Izosuzuma irabe amageragezo yakorewe mu mavuriro kugira ngo yemeze ko urukingo ata ngorane ruzotera ku wo ari we wese muri Australia



- Kuraba neza ko urwo rukingo rukwije ivya ngombwa vyose bisabwa bisabwa muri Australia



- Ruzosuzuma ingene ibindi bihugu vyo kw'isi vyakoresheje urwo rukingo.



TGA irashobora vyongeye kubaza iryo hinguriro ibindi bibazo nimba bakeneye kubimenya.

Intambuko ya 4 – gufata ingingo



TGA ifata ingingo nimba yemeje ko urwo rukingo rwemerewe gukoreshwa.



Nimba TGA yemeje urwo rukingo, bazokwemera ko rukoreshwa mu kiringo c'imyaka 2.

Inyuma y'imyaka 2, ihinguriro rishobora gusaba TGA kwemeza urwo rukingo mu yindi myaka ishika 6 ikurikira.

Intambuko ya 5 – Kwandikisha urwo rukingo



Inyuma yuko TGA yemereye urwo rukingo, bazoca barwongera mu gitabu ca Australia cemeza ko ibintu vyo kwa muganga bimeze neza (Igitabu candikwamwo ivyemejwe).



Igitabu candikwa mwo ivyemejwe ni urutonde rw'inkingo zose TGA yemereye gukora muri Australia.

Mu vyemezwa harimwo:

- Izina ry'iryo hinguriro
- Izina ry'urwo rukingo
- Ibintu biri mu bigize urwo rukingo
- Inkuru ku bantu baronkejwe urwo rukingo.



Inyuma yuko urwo rukingo rwongewe mu Gitabu, iryo hinguriro rishobora gutangura kurungika urwo rukingo.

Intambuko ya 6 – Kugumiza ijisho no gukurikirana urwo rukungo



TGA izoguma isuzuma urwo rukungo uko abantu benshi bazoguma baruhabwa.



Ibi ni kugira ngo barabe neza:

- Ko n’ubu ata ngorane rutera
- Ko n’ubu rugikora neza.



Nimba hariho ingorane iyo ari yo yose, TGA irashobora:

- Gusuzuma iyo ngorane itewe n’urwo rukungo
- Guha abantu inkuru nshasha ku kugene urwo rukungo rumeze neza canke rutera ibibazo
- Gukuraho ukwemererwa bari bahaye urwo rukungo, nimba bibaye ngombwa, bikenewe.

Izindi nkuru zirengeye izi uhawe ngaha



Ushobora kuja ku muhora ngurukanabumenyi w'igisata c'amagara y'abantu kuri www.health.gov.au/covid19-vaccines-languages ku zindi nkuru zerekeranye n'urukingo mu rurimi rwawe.



Ushobora guhamagara umurongo w'igihugu cose w'ugufasha abarwaye Coronavirus kuri **1800 020 080**. Fyonda kuri 8 kuronka serivisi zo gusobanura kubuntu.